

Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Rekonesans nan Jou Saba a

Pou Sen Dènye Jou yo, Saba a se yon jou rekonesans ak lanmou.

C hèn frè m ak sè m yo ki toupa-tou nan mond lan nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, mwen rekonesan dèske Prezidan Thomas S. Monson mande m pou m pale nan konferans lan nan jou Saba sa a. Mwen priye pou Sentespri a pote pawòl mwen yo nan kè nou.

Jodia m vle pale sou santiman nan kè nou. Youn m ap konsantre sou li jodia se rekonesans—patikilyèman nan jou Saba a.

Nou santi rekonesans pou anpil bagay: yon jantiyès nan men yon etranje, yon repa lè nou grangou, yon bon tèt kay lè tanpèt leve, yon zo kase ki geri, ak bèl kri yon nouvo tibebe ki fè k fèt. Anpil nan nou sonje rekonesans nou te santi nan moman sa yo.

Pou Sen Dènye Jou yo, Saba a se yon moman konsa, anfèt, li se yon jou rekonesans ak lanmou. Senyè a te avèti Sen nan Jackson County, Misouri yo, an 1831, ke lapriyè yo ak remèsiman yo dwe dirije vè syèl la. Premye Sen yo te resevwa revelasyon sou fason pou yo te rekspekte jou Saba a ak sou fason pou yo te jene ak priye.¹

Senyè a te di yo menm, avèk nou, kijan pou n adore ak bay remèsiman nan jou Saba a. Jan nou ka di, sa k pi enpòtan an se fason nou santi nou osijè moun ki bay don an yo. Men sa Senyè a te di pou fason pou n bay remèsiman ak fason pou n renmen nan jou Saba a:

“Se poutèt sa, m ba yo yon kòmandman, m di: Nou dwe renmen Senyè Bondye nou an avèk tout kè nou, avèk tout pouvwa nou, tout panse nou, epi tout fòs nou; epi nou dwe sèvi l nan non Jezikri. . . .

“Nou dwe remèsye Senyè Bondye nou an nan tout bagay.

“Nou dwe ofri yon sakrifis bay Senyè Bondye nan lajistis, sa vle di sakrifis yon kè brize ak yon lespri kontri.”²

Epi apres, Senyè a te kontinye pou avèti nou sou danje k ap genyen si nou pa ta remèsye Pè Selès la ak Jezikri kòm moun ki bay don yo: “Epi lòm pa ofanse Bondye nan anyen, oubyen kòlè Bondye pa limen kont okenn moun, eksepte moun ki pa konfese men l nan tout bagay, epi ki pa obeyi kòmandman l yo.”³

Anpil nan nou k ap koute jodia jwenn lajwa nan Saba a kòm yon jou pou nou sonje Bondye ak ba l remèsiman pou benediksyon L yo. Nou sonje kantik fanmi sa a:

*Lorsque les ennuis, les peines,
le chagrin,
Troubleront ta vie au long de ton
chemin,
Compte les bienfaits accordés
chaque jour,
Dénombrer les en pensant à son
amour.*

*Compte les bienfaits
Ils sont si nombreux.
Compte les bienfaits
Tous les bienfaits de Dieu. . . .*

*Si ta croix te semble trop lourde
à porter?
Et si ton fardeau te pèse à t'écraser?
Compte les bienfaits, le doute
s'en ira,
Et le jour qui meure dans les chants
finira.⁴*

Mwen resevwa lèt ak vizit Sen Dènye Jou fidèl ki kraze anba anpil fado. Genyen ki prèske santi ke, omwen pou yo, tout bagay pèdi. M espere e m priye ke sa m ap di apwopo rekonesans nan jou Saba a va ede nou chase dout yo, pou nou ka kòmanse chante nan kè nou.

Premye benediksyon nou ka gen rekonesans pou li se lefèt ke nou prezan nan reyinyon sentsèn nan sa a, reyini avèk plis pase youn ou de nan disip Li yo nan non Li. Gen moun ki lakay yo ki pa kapab leve sou kabann yo. Gen kèk moun ki ta

renmen la a men olyesa y ap sèvi nan lopital oubyen y ap bay sekirite pou piblik la oubyen y ap defann nou nan riske pwòp lavi pa yo nan yon dezè oubyen nan yon jeng. Lefèt ke nou kapab reyini avèk menm yon grenn Sen pou pran Sentsèn nan ap ede nou kòmanse santi rekonesans ak lanmou pou bonte Bondye.

Gras ak Pwofèt Joseph Smith ak levanjil retabli a, yon lòt benediksyon nou ka konte se deske nou gen opòtinite pou n pran sentsèn chak semèn nan—ki prepare, beni, epi distribye pa sèvitè otorize Bondye. Nou ka rekonesan lè Sentespri a konfime nou ke pawòl priyè Sentsèn yo, detantè prèttriz otorize sa yo ofri yo, Pè Selès la onore yo.

Pami tout benediksyon nou ka konte yo, pi gwo nan tout la se santi man padon ki soti nan pran sentsèn nan. N ap santi yon pi gwo lanmou ak apresyasyon pou Sovè a, ke sakrifis enfini l lan rann posib pou nou vin pwòp ankò a. Lè nou pran pen an ak dlo a, nou sonje ke li te soufri pou nou. Epi lè nou santi rekonesans pou sa l fè pou nou an, n ap santi amou li pou nou ak amou nou pou li.

Benediksyon lanmou nou resevwa a ap fè l vin pi fasil pou nou respekte kòmandman pou nou “toujou sonje li” a.⁵ Nou gen dwa menm santi lanmou ak rekonesans, menmjan avèk mwen, pou Sentespri a Pè Selès la pwomèt ki ap toujou avèk nou si nou rete fidèl nan alyans nou fè yo. Nou ka konte tout benediksyon sa yo chak Dimanch epi santi nou rekonesan pou yo.

Saba a se yon moman pafè pou n sonje alyans ou te fè nan dlo batèm yo pou nou renmen ak sèvi pitit Pè Selès yo tou. Respekte pwomès sa a kapab mande pou nou patisipe nan yon klas oswa yon kowòm avèk tout kè nou pou n ka bati lafwa ak lanmou pami frè n ak sè nou ki la avèk nou yo. Pwomès sa a enkli pou nou jwayezman ranpli apèl nou.

Mwen rekonesan pou pil jou Dimanch m te konn anseye yon kowòm dyak yo nan Bountiful, nan Uta a, osibyèn yon klas

Lekòldidimanch nan Idaho. Epi, mwen menm sonje lè m t ap sèvi kòm asistan madanm mwen nan gadri, kote tach prensipal mwen sete distribye jwèt ak ranmase yo.

Sa te pran dèzane anvan m te rekonèt, pa mwayen Lespri a, ke senp sèvis mwen an te konte nan lavi pitit Pè Selès la yo. M te etone wè ke kèk ladan yo te sonje epi yo te remèsye m pou tantativ enpafè mwen pou m te sèvi yo pou Mèt la nan jou Saba sa yo.

Menmjan nou souvan pa ka wè rezilta pwòp sèvis n ap bay nan jou Saba yo, nou gen dwa pa ka wè efè akimile lòt sèvitè Senyè yo tou. Men Senyè a ap bati wayòm ni an trankilman palentèmedyè sèvitè enb ak fidèl li yo, san bri, pou mennen l nan fiti milènè gloriye l la. Se Sentespri a ki ka fè n wè grandè k ap grandi sa a.

Lè m t ap grandi, m te konn al nan reyinyon Sentsèn nan yon branch nan New Jersey ki te gen sèlman kèk grenn manm ak yon sèl fanmi, fanmi pa m. Sa gen swasannkenzan, m te batize nan Filadèlfi nan sèl grenn chapèl Legliz la te bati ki te egziste nan Pennsilvani oswa nan New Jersey. Men, kote k te gen yon ti branch lan nan Princeton, New Jersey, lè sa a, gen de gwo pawas kounyeya. Epi sa gen apèn kèlke jou, dè milye jèn te prezante yon selebrasyon anvan konsekrasyon Tanp Filadèlfi a nan Pennsilvani.

Lè m te yon jènjan, yo te aple m kòm yon misyonè distri kote nou te konn adore nan jou Dimanch yo nan sèl chapèl ki te genyen nan Albuquerque, Nouvo Meksik la. Jodia, gen yon tanp ak plizyè pye nan kote sa a.

M te kite Albuquerque pou m t al lekòl nan Cambridge, nan Massachusetts. Te gen yon sèl chapèl ak yon distri ki te kouvri pifò Massachusetts ak Rhode Island. M te konn kondui travèsè kolin bèl peyi sa a pou m te ka al nan reyinyon Sentsèn nan ti branch tou piti, pifò ladan yo sete kay yo te lwe oubyen ti kay yo te remodle. Kounyeya, gen yon tanp sakre Bondye nan Belmont, nan Massachusetts, ak

pieu ki simaye nan tout zòn nan peyi a.

Sa m pa t ka wè klèman lè sa a sèke Senyè a t ap devèsè Lespri li sou moun yo nan reyinyon sentsèn sa yo. M te ka santi sa, men m pa t ka wè etandi li ak kilè Senyè a te gen entansyon pou bati ak glorifye wayòm ni an. Yon pwofèt, pa revelasyon, te wè e l te ekri sa nou ka obsève ak santi a kounyeya. Nefi te di kantite manm nou yo pa t ap janm anpil, men limyè yo pote a t ap yon bagay enpresyonan:

“Epi, se te konsa, m te wè legliz Ti Mouton Bondye a; li pa gen anpil moun. . . .

“Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te wè pouvwa Ti Mouton Bondye a te desann sou sen legliz Ti Mouton an yo, ak sou pèp alyans Senyè a, ki te dispèse sou tout sifas tè a; epi yo te ame avèk lajistis, e avèk pouvwa Bondye nan anpil glwa.”⁶

Nan dispansasyon sa a, gen yon deskripsyon pwofesik menmjan an tou sou kondisyon ak opòtinite ki pi devan yo ki ekri nan Doktrin ak Alyans yo:

“Nou pa t ko konprann ki kalite gwo benediksyon Papa a gen nan men pa l epi li te prepare pou nou;

“Epi nou pa kapab sipòte tout bagay kounyeya; sependan, fè kè nou kontan, paske m ap dirije nou. Wayòm nan pou nou epi benediksyon ki ladan l yo pou nou, epi richès letènite yo pou nou.

“Epi yon moun ki resevwa tout bagay avèk *renèsiman*, l ap glorifye; epi bagay ki sou tè sa a ap ajoute sou sa li genyen, menm yon santèn fwa, wi, menm plis.”⁷

Mwen santi transfòmasyon ogmantasyon rekonesans pou benediksyon sa a ak yon lanmou k ap ogmante nan tout Legliz la. Se kòm si l akselere pami manm Legliz yo nan moman ak lye kote gen eprèv lafwa yo, kote yo oblije sipliyè Bondye pou ede yo menm kontinye viv.

Moman n ap travèsè yo gen gwo eprèv ladan yo, jan sa te ye pou pèp Alma a anba men kriyèl Amilon, ki

te mete fado sou do yo ki te twò lou pou yo te pote:

“Epi, se te konsa, vwa Senyè a te fè yo tande l nan aflikasyon yo, li te di: Leve tèt nou, e konsole nou paske m konnen ki alyans nou te fè avèk mwen; m ap fè alyans avèk pèp mwen an, e m ap delivre l anba esklavaj.

“Epi, m ap fè chay ki sou zepòl nou yo vin lejè pou nou pa menm kapab santi yo sou do nou, menm lè nou nan esklavaj; e m ap fè sa, pou nou kapab sèvi m temwen apre sa, e pou nou kapab konnen toutbon, mwen menm, Senyè Bondye a, m vizite pèp mwen nan aflikasyon yo.

“Epi kounyeya, se te konsa, chay ki te sou Alma ak frè l yo te vin lejè; wi, Senyè a te fòtifye yo pou yo kapab pote chay yo alèz, e yo te aksepte avèk kè kontan ak pasyans, tout sa Senyè a te vle.”⁸

Noumenm avèk mwen temwen ke lè nou respekte kòmandman Senyè

a bay yo, espesyalman lè sa difisil, li tande priyè remèsiman nou pou sa l deja fè pou nou yo epi l reponn priyè nou fè pou mande fòs pou n andire fidèlman yo. Epi, plis pase yon fwa, Li konn fè nou santi lajwa ansanm ak fòs.

Ou gen dwa ap mande tèt ou kisa w ka fè pou w viv ak adore nan jou Saba a pou w montre rekonnesans ou ak pou fòtifye tèt ou ak lòt moun pou eprèw k ap tann pi devan yo.

Ou ka kòmanse avèk yon priyè remèsiman pèsònèl ak familyal pou tout sa Bondye fè pou ou. Ou ka priye pou w konnen sa Senyè a ta vle w fè pou w sèvi Limenm ak lòt moun. Patikilyèman, ou ka priye pou Sentespri a pale w de yon moun ki santi l solitè oubyen ki nan bezwen, ke Senyè a ta vle w al ede.

M ka pwomèt ou priyè w yo ap jwenn repons, epi si w aji selon repons ou resevwa yo, w ap jwenn

lajwa nan Saba a epi kè w ap ranpli ak remèsiman.

Mwen temwaye ke Bondye Papa a konnen ou e li renmen ou. Sovè a, Senyè Jezikri, te ekspye pou ou pa amou pou ou. Yomenm, Papa a ak Pitit la, konn non ou menmjan Yo te konn non Pwofèt Joseph la lè yo te parèt devan l lan. Mwen temwaye ke sa a se Legliz Jezikri epi l ap onore alyans nou fè epi nou renouvle avèk Bondye yo. Nati nou ap vin chanje pou nou ka vin plis menmjan ak Sovè a. N ap jwenn fòs kont tantasyon ak kont santiman dout osijè laverite yo. N ap jwenn lajwa nan Saba a. Mwen pwomèt nou sa, nan non Senyè a, Jezikri, amèn.


NÒT

1. Gade Doktrin ak Alyans 59.
2. Doktrin ak Alyans 59:5, 7–8.
3. Doktrin ak Alyans 59:21.
4. “Compte les bienfaits,” *Kantik*, no. 156.
5. Mowoni 4:3; 5:2; Doktrin ak Alyans 20:77, 79.
6. 1 Nefi 14:12, 14.
7. Doktrin ak Alyans 78:17–19; italik ajoute.
8. Mozya 24:13–15.

Ansèyman pou epòk pa nou an

Soti Oktòb 2016 rive Avril 2017, lesan katriyèm Dimanch pou Prètriz Mèlkisedèk ak Sosyete Sekou yo dwe prepare apati youn oubyen plis nan diskou yo te bay nan konferans jeneral Oktòb 2016 la. An Avril 2017, nou gen dwa chwazi diskou yo nan konferans jeneral Avril la oubyen nan sa Oktòb la. Prezidan pieu ak distri yo dwe chwazi ki diskou pou yo itilize nan zòn pa yo a, oubyen yo ka delege responsablite sa a bay evèk yo ak prezidan branch yo.

Diskou yo disponib nan plizyè lang nan conference.lds.org.



Prezidan Thomas S. Monson

Chemen pafè ki mennen nan bonè a

Mwen temwanyen konsènan gwo kado ki se plan Papa a pou nou an. Se sèl chemen pafè pou lapè ak bonè.

Frè ak sè byenneme m yo, nou tout ki isit la nan Sant Konferans lan ak toupatou nan mond lan, mwen vrèman rekonesan pou opòtinite m genyen pou pataje panse m avèk nou maten sa a.

Sa gen senkanndezan, an Jiyè 1964, m te gen yon tach nan Vil Nouyòk pandan epòk Ekpozisyon Mondyal la t ap fèt nan kote sa a. Yon maten byen bonè mwen t al vizite Paviyon Mòmmon an nan ekspozisyon an. M te rive jis anvan prezantasyon yon fim Legliz la ki rele *Lòm k ap chèche bonè* a, yon reprezantasyon plan sali a ki te vin tounen yon fim klasik Legliz la. Mwen te chita bò kote yon jèn gason ki te ka gen petèt 35 an. Nou te pale brèfman. Li pa t yon manm Legliz nou an. Epi, limyè yo te etenn epi spektak la te kòmanse.

Nou te koute vwa naratè a pandan l t ap poze kesyon emouvant ak inivèsèl sa yo: “Ki kote m sòti? Poukisa

m isit la? Ki kote m prale lè m kite vi sa a?” Tout zòrèy te louvri pou tandè repons yo, epi je tout moun te fikse sou imaj yo ki te sou ekran an. Yo te bay yon deskripsyon sou lavi premòtèl nou, ansanm avèk yon eksplikasyon sou bi nou sou tè a. Nou te wè yon ilustrasyon touchan sou pasaj yon granpè trè aje ki te kite lavi sa ak bèl reyinyon li avèk moun li te renmen yo ki te gen tan al nan mondèzespri a.

Nan fen bèl ilustrasyon sa a sou bèl prezantasyon plan Papa nou ki nan Syèl sa a pou nou an, foul la te mache soti nan sal la an silans, epi ou te kapab wè ke anpil nan yo te touche pa mesaj fim nan. Jèn vizitè a ki te chita bòkote m nan pa t leve. Mwen te mande l si l te renmen prezantasyon an. Repons puisan li an sete: “Sa se verite!”

Misyonè nou yo pataje plan Papa nou pou bonè ak sali nou an toupatou nan mond lan. Men se pa tout moun ki

tandè mesaj divèn sa a ki aksepte l ak anbrase l. Sepandan, gen gason ak fi tout kote, tankou jèn zanmi m nan nan Ekspozisyon Mondyal Nouyòk la, ki rekonèt verite ki ladan l yo, epi yo mete pye yo sou chemen k ap mennen yo lakay an sekirite a. Lavi yo chanje ajamè.

Sa k esansyèl pou plan an se Sovè nou an, Jezikri. San sakrifis ekspyatiwa L la, tout moun t ap pèdi. Men, sa pa ase pou nou senpleman kwè nan Li ak nan misyon L lan. Nou bezwen travay epi aprann, chèche epi priye, repanti epi amelyore nou. Nou bezwen konnen Iwa Bondye yo epi aplike yo. Nou bezwen resevwa òdonans sali L yo. Se sèlman lè nou fè sa n ap jwenn vrè bonè a.

Nou beni paske nou *gen* verite a. Nou gen yon responsablite pou nou *pataje* verite sa a. Annou *viv* verite a pou nou kapab merite tout sa Papa a genyen pou nou. Tout sa l fè se pou benefis nou. Li di nou, “Paskè gade, sa a se travay mwen ak laglwa mwen—pou m reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm.”¹

Soti nan pwofondè nanm mwen, epi an tout imilite, mwen temwanyen de gwo kado sa a ki se plan Papa a pou nou an. Li se sèl chemen pafè ki mennen nan lapè ak bonè isit la ak nan mond k ap vini an.

Frè m ak sè m yo, m ap kite nou avèk lanmou mwen ak benediksyon mwen pandan m ap fini diskou a, epi m fè sa nan non Sovè ak Redanmtè nou an, Jezikri, amèn.

NÒT

1. Moyiz 1:39.